# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के सतवां अउर आखिरी फेरा में सात मई से जारी नामांकन प्रक्रिया के दौरान परचन क बिकरी अउर परचा दाखिला क क्रम अजुओं जारी रहल। सातवां फेरा में प्रेदस क तेरह गो संसदीय क्षेत्रन महराजगंज, गारेखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, सलेमपुर, घोसी, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्टसगंज में एक जून के ओट परी। नामांकन प्रक्रिया के दौरान आजु कुशीनगर लोकसभा सीटि से राष्ट्रीय सोषित समाज पारटी क अध्यक्ष अउर पूर्व मंत्री स्वामी प्रसाद मौर्य आपन परचा जमा कइले, जबकि गोरखपुर लोकसभा क्षेत्र से बसपा ओम्मेदवार जावेद सिमनानी अउर निर्दलीय पिन्टू साहनी परचा दाखिल कइले। महराजंगज मे बसपा क ओम्मेदवार मौसमे आलम अउर सरदार पटेल सिद्वान्त पारटी क ओम्मेदवार विनोद कुमार पटेल आपन परचा जमा कइले। घोसी संसदीय सीट बदे आजु कुल पांच ओम्मेदवारन क नामांकन भइल। ओहर बनारस में आजु नामांकन पत्र खरीदे वालन क लमहर लाइन देखे क मिलल इहवां अबले चार गो ओम्मेदवार परचा दाखिल कइ चुकल हवें।

**********

लोकसभा चुनाव के लेके गई गो राजनीतिक दलन के स्टार परचारक अपने–अपने पारटी के ओम्मेदवान क जीत सुनिस्चित करे खातिर परचार में पुरहर ताकति झोंकि दिहले हवें। भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष जे पी नड्डा आजु चित्रकूट मे चुनावी रैली कइ के बांदा संसदीय क्षेत्र से पारटी ओम्मेदवार आर के सिंह पटेल के ओट देवे क अपील कइले। येह दौरान उहां के विपक्षी दलन पर निसाना सधली अउर कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में देस क जनता विकसित भारत के संकल्प के पूरा करे में जुट गइल हवे। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखीमपुर खीरी, धौरहरा अउर सीतापुर लोकसभा क्षेत्रन में चुनावी जनसभा के संबोधित कइलें। येह दौरान उहां के कहलीं कि अबले सामने आइल रूझान से ई तय हो गइल हवे कि देस क जनता एक बेरि फिर मोदी सरकार बनावे जा रहल हवे।

बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावती आजु कन्नौज में चुनावी रैली के संबोधित करत इलेक्टोरल बॉन्ड के लेके भाजपा अउर कांग्रेस पर तीखा आरोप लगवलिनि। उहां क कहलिंनि कि बसपा कब्बो धन्ना सेठन से पइसा नाही लेले। ओहर बहराइच में सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव एगो चुनावी जनसभा में भाजपा पर निसाना साधत कहले कि तीन फेरा के मतदान में जनता भाजपा के बहुते पाछे कइ दिहले हवे। कांग्रेस क सीनियर नेता प्रियंका गांधी आजु रायबरेली में एगो जनसभा के संबोधित करत कहलिनि कि पांच किलो रासन से देस के जनता के आत्मनिर्भर नाही बनावल जा सकेला।

**********

लोकसभा चुनाव के लेके बहुजन समाज पारटी आजु प्रदेस के दुइ गो अउरियों संसदीय सीटिन बदे ओम्मेदवारन क घोषण कई दिहले हवें। बसपा कुशीनगर लोकसभा सीटि से शुभनारायण चौहान अउर देवरिया से संदेश यादव उर्फ मिस्टर के आपन ओम्मेदवार घोसित कइले हवे। बसपा क येह नया सूची जारी भइले के सथहीं गोरखपुर–बस्ती मण्डल क सज्जों संसदीय सीटिन पर ओकर ओम्मेदवार तय हो गइल हवे।

**********

प्रधानमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता नरेन्द्र मोदी क वाराणसी संसदीय क्षेत्र से नामांकन चउदह मई क प्रस्तावित हवे। येकरे पहिले तेरह मई के श्री मोदी इहां एगो रोड–सो करिहें। पांच किलोमीटर के रोड–सो के लेके भाजपा की ओरि से तैयरियन के अंतिम रूप दिहल जा रहल हौ। येह दौरान रोड–सो क परदरसनों कइल जाइ। जेह में बनारस में अब तक ले भइल विकास कार्यन के देखावल जाइ।

**********

लोकसभा चुनाव क बाकी बचल चारि फेरा में आवे वाले संसदीय क्षेत्रन में ढेरि से ढेरि मतदान करावे बदे बढहन पैमाना पर जागरूकता अभियान चलावल जा रहल हवे। भदोही में मतदाता लोगिन के जागरूक करे खातिर प्रसासन बुनकरन के सहजोग से कालीन कॉरिडोर बनवले हवे। येह कॉरिडोर में कालीने से एगो मॉडल बूथो तइयार कइल गइल हौ। गोरखपुर में आजु नागरिक सुरक्षा की ओरि से मारवाड इण्टर कॉलेज में मतदान विसय पर केन्द्रित रंगोली प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। ओहर महराजगंज में जिलाधिकारी अनुनय झां मतदाता जागरूकता अभियान के तहत पिंक रैली के रवाना कइले। बनारस में आजु सामाजिक संस्था सुबह–ए–बनारस कि ओरि से श्री बल्लभ विद्यापीठ बालिका इण्टर कॉलेज में लोगिन के मतदान करे क संकल्प दियावल गइल। जबकि हमीरपुर में सरीला तहसील के सज्जों करमचारी बाइक रैली निकारी के लोगिन के मतदान करे खातिर प्रेरित कइले।

**********

दुइ सौ पचासी हज यात्रियन के लेके लखनऊ के चौधरी चरण सिंह एयरपोर्ट से आजु भिन्नही आठ बजे पहिला फ्लाइट सऊदी अरब खातिर रवाना भइल। एकरे पहिले हज हाउस पर काल्हि संझवे से जुटल यात्रियन क फूल माला से स्वागत कइल गइल।

**********

अक्षय तृतीया अउर परशुराम जयंती पर बिहने कइ गो सामाजिक संगठनन की ओरि से जुलूस अउर भण्डारा का आयोजन कइल जाई। येह के देखत गोरखपुर क जिलाधिकारी कृष्णा करूणेश गोरखपुर महानगर क्षेत्र के कक्षा बारह तक ले क सज्जों स्कूलन के बिहने बंद रखले क आदेस दिहले हवे।

**********

चंदौली के मुगलसराय कोतवाली क्षेत्र के न्यू कालीमुहाल में बीतल राति एगो निजी आवासीय परिसर के सेप्टिक टैंक क सफाई कइले के दौरान जहरीला गैस के चपेटा में अइले से तीनि गो सफाइ मजूरन के लेके चारि जने क मउति हो गइल। मृतकन में आवासीय परिसर के मालिक क लइको सामिल हवे।

**********